



Akademi Kreyòl Ayisyen

Atik 213 Konstitisyon 1987

Lwa 23 avril 2013,

Le Moniteur N° 65, 7 avril 2014

↳ Orijin Akademi Kreyòl Ayisyen

Atik 213 Konstitisyon 1987 la mande pou leta kreye yon akademi ayisyen pou kore devlopman lang kreyòl. 25 lane apre desizyon sa a, anyen pa janm fèt. Konsa, nan lane 2008, Inivèsite Leta peyi a pran tèt yon mouvman pou mete yon komite kanpe. Komite pou tabli Akademi Kreyòl Ayisyen an ap travay sou direksyon Vis Rektora Inivèsite a ak reprezantan plizyè enstitisyon nan peyi a. Komite a fòme ak pwofesyonèl nan tout domèn sitou nan Edikasyon, Lengwistik, Sosyoloji ak antwopoloji depi nan mwa oktòb 2008. Nan lane 2011, komite a te òganize twa (3) jou kòlòk entènasyonal sou tèm : « Akademi Kreyòl Ayisyen : ki pwoblèm ? ki avantaj ? ki defi ? ki avni ? » Kòlòk sa te rive mete tout moun dakò sou wòl, òganizasyon ak fonksyonman Akademi an ta dwe genyen. Jodi a Lwa sou kreyasyon Akademi kreyòl la vote (Lwa 23 avril 2013) epi li pibliye nan jounal ofisyèl peyi a « Le Moniteur » n° 65, jou 7 avril 2014 la.

↳ Misyon Akademi kreyòl ayisyen an

Akademi Kreyòl Ayisyen an se yon enstitisyon leta ki gen konpetans pou li travay sou lang kreyòl la pou garanti dwa lengwistik tout Ayisyen nan tout sa ki konsène lang kreyòl la. Prensipal wòl li se :

- ↳ bay direksyon sou fason pou yo sèvi ak lang kreyòl la nan peyi d Ayiti, kit nan pale, kit nan ekri, nan enstitisyon leta kou prive jan Konstitisyon an mande sa ;

- ↳ pran tout dispozisyon pou tout enstitisyon leta kou prive fonksyone nan lang kreyòl la selon prensip, regleman ak devlopman lang nan ;

- ↳ pran tout dispozisyon pou ankouraje enstitisyon ak moun k ap pwodui nan lang kreyòl la suiv prensip ak regleman lang nan ;
- ↳ sèvi kòm referans pou lang kreyòl la nan tout sa ki konsène estanda-tizasyon lang nan kit se nan peyi d Ayiti kit se nan lòt peyi kote Ayisyen yo tabli ;
- ↳ veve pou popilasyon an jwenn sèvis li bezwen nan lang kreyòl la ;
- ↳ bay oryantasyon pou politik ak amenajman lang nan peyi a ;
- ↳ fè tout sa ki nesesè pou Ayiti jwe wòl li kòm lidè nan monn kreyolofòn nan.

↳ Wòl Akademi kreyòl nan domèn syantifik

Akademi Kreyòl Ayisyen an se prensipal referans pou devlopman rechèch syantifik sou lang kreyòl. Li dwe ankouraje tout moun k ap travay sou lang kreyòl ak espesyalis nan tout domèn k ap pwodui nan lang kreyòl. Li ap gen pou :

- ↳ fè rekòmandasyon sou ankèt ak travay ki dwe fèt sou lang kreyòl la tankou envantè, diksyonè, travay sou sentaks, tèminoloji, leksik, fonoloji, regleman sou òtograf lang nan, ak lòt zouti enpòtan pou lang nan.
- ↳ bay rezilta rechèch yo rekonesans piblik ansanm ak tout travay ki fèt sou lang kreyòl la tankou envantè, diksyonè, travay sou sentaks, tèminoloji, leksik, fonoloji, regleman sou òtograf ak lòt zouti enpòtan pou lang nan ;

- ↳ bay rekòmandasyon ki nesesè sou jan pou yo sèvi ak lang kreyòl la, epi sou travay ki dwe fèt pou lang kreyòl la kontinye sèvi popilasyon ayisyen an nan dekouvèt, nan kreyasyon, nan pwodiksyon oral oswa nan pwo-diksyon ekri ;
- ↳ bay konsiltasyon teknik sou pwodiksyon k ap fèt nan lang lan.

↳ Relasyon Akademi kreyòl ak lòt enstitisyon peyi a

Akademi Kreyòl Ayisyen an ap fè tout sa ki nesesè pou l ankouraje pwodiksyon nan lang kreyòl. L ap fè tout sa ki nesesè pou fè kreyòl la gen bonjan reyònman ak prestij nan je popilasyon ayisyen an ak nan je lòt pèp yo. Akademi Kreyòl Ayisyen an gen pou li veve pou :

- ↳ tout fonksyonè leta jwenn fòmasyon nan lang kreyòl nan yon delè 3 lane ; pou tout lwa yo tradui nan lang kreyòl nan yon delè ki pa depase 3 lane ;
- ↳ pou Palman an vote tout lwa yo ni an kreyòl ni an fransè nan yon delè 6 mwa ; pou Leta pran angajman pou tout anplwaye li yo ak tout administrasyon li yo kapab fonksyone nan lang kreyòl ;
- ↳ enstitisyon rejyonal yo sèvi ak lang kreyòl la pou entegrasyon popilasyon kreyolofòn nan.
- ↳ enstitisyon leta yo aplike Konstitisyon an nan piblikasyon tout dokiman ofisyèl yo nan lang kreyòl.

Dapre Lwa sou Akademi an, se yon Komite Seleksyon ki fòme ak reprezantan tout enstitisyon ki nan komite Inisyativ la, ki anchaje chwazi , pou pi piti, 33 Akademiyan dapre dosye yo.

☛ Pèsonalite yon Akademisyen

Akademisyen an se yon tit onorifik. Moun ki gen tit sa a p ap travay pou lajan, li pa gen salè, jan atik 214 Konstitisyon 1987 la mande li, li ka gen prim pou patisipasyon li nan reyinyon. Pou yon moun vin gen tit Akademisyen, li dwe :

- ◀ Ayisyen, fi kou gason ;
- ◀ gen 40 lane pou pi piti ;
- ◀ ap jwi dwa sivil ak politik li, epi li pa gen pwoblèm ak lajistis ;
- ◀ moun ki travay, ki fè rechèch nan lang kreyòl la osnon sou lang kreyòl la ; ki pwodui an kreyòl osnon sou lang kreyòl bonjan travay ki gen bonjan valè pou avansman ak devlopman lang kreyòl la ;
- ◀ moun sosyete a deja rekonèt zèv li ap fè pwomosyon pou avansman lang kreyòl la.

Akademi Kreyòl Ayisyen Lis akademisyen yo

1. Nicolas ANDRE, *Lengwis*, Créole Trans.
2. Emmanuel M. BAZILE, *Edikate*, Ministè Edikasyon Nasyonal ak Fòmasyon Pwofesyonèl
3. Max Gesner BEAUVOIR, *Antwopològ*, Konfederasyon Nasyonal Vodouyizan Ayisyen.
4. André Serge BELLEGARDE, *Tradiktè*, Inivèsite Notre Dam d Ayiti
5. Jean Grégory CALIXTE, *Lengwis*, Sekretè Leta pou Alfabetizasyon
6. Adeline Magloire CHANCY, *Edikatis*, Sosyete Animasyon Kominikasyon Sosyal.
7. Jacques Philippe Christophe CHARLES, *Pwofesè*, Tanbou-literè
8. Pierre Michel CHERY, *Jesyonè*, Sosyete Animasyon Kominikasyon Sosyal
9. Michel Frederic DEGRAFF, *Lengwis-pwofesè*, Inivèsite Karayib
10. Fritz DESHOMMES, *Ekonomis-pwofesè*, Inivèsite Leta d Ayiti

11. Rogeda Dorcé DORCIL, *Lengwis-pwofesè*, Fakiltè Lengwistik Aplike
12. Wilner DORLUS, *Lengwis-pwofesè*, Sosyete Animasyon Kominikasyon Sosyal.
13. Marie Rodny Laurent ESTEUS, *Edikatis-Tradiktè*, Créole Trans
14. Odette Roy FOMBRUN, *Edikatis*, Gwoup Refleksyon ak Aksyon pou yon Ayiti tou Nèf
15. Michel Frantz GRANDOIT, *Pè katolik-pwofesè*, Sekretè Leta pou Alfabetizasyon
16. Michel Ange HYPPOLITE, *Pwofesè*, Gwoup Refleksyon ak Aksyon pou yon Ayiti tou Nèf / Sosyete Koukouy
17. Gesner JEAN PAUL, *Pwofesè*, Fakiltè Lengwistik Aplike
18. Jean Pauris JEAN-BAPTISTE, *Pastè-lengwis*, Ministè Kilti
19. Samuel JEAN-BAPTISTE, *Edikate*, Kopivit-Laksyon Sosyal
20. Marky JEAN-PIERRE, *Pwofesè*, Ministè Edikasyon Nasyonal Fòmasyon Pwofesyonèl
21. Joseph Sauveur JOSEPH, *Lengwis-pwofesè*, Sant Na Rive
22. Rochambeau LAINY, *Pwofesè*, Fakiltè Lengwistik Aplike
23. Frenand LEGER, *Pwofesè*, Sosyete Animasyon Kominikasyon Sosyal (SAKS)
24. Jacques Max MANIGAT, *Pwofesè*, Sosyete Koukouy
25. Guy Gérald MENARD, *Pwofesè*, Fondasyon Anne Marie Morisset / Inivèsite Leta d Ayiti
26. Claude PIERRE, *Pwofesè-ekriven*, Ministè Kilti / Jounal Bòn Nouvèl
27. Pierre-André PIERRE, *Monseyè-pwofesè*, Komisyon Episkopal pou Tradiksyon Bib la.
28. Christian Emmanuel PLANCHER, *Pè legliz katolik*, Jounal Bon Nouvèl
29. Marie Marcelle Buteau RACINE, *Pwofesè*, Centre de Recherche et de Formation Economique et Sociale pour le Developpement.(CRESFED)
30. Clotaire SAINT-NATUS, *Sosyològ-edikate*, Fondasyon Moris Sixto
31. Joachim Gérard Marie TARDIEU, *Edikate*, Kopivit Laksyon Sosyal
32. Marie Jocelyne TROUILLOT, *Pwofesè*, Tabou Literè / Inivèsite Karayib
33. Féquière VILSAINT, *Biyolojis-edite*, Educa-Vision

18, riyèl Cheriez
Pòtoprens, Ayiti
Telefòn : 2227-7951/ 2227-7955/ 2227-7954
Imel : akademikreyol@yahoo.fr